ISSN 0207-6551

# НУР

2
2021

6+



## РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

«Нурым» еджэ ди щIалэфI цIыкIухэ! Фи Махуэшхуэмкlэ дывохъуэхъу щэн дахэ фхэлъу, фыкъызыхэкlар вгъэлъапlэу, гу фкlуэцlылъу, мы къыдэкlыгъуэм тет лlыхъужьхэм хуэдэхэр фи щапхъэу фыкъытхуэхъуну! Абыхэм ящыщ пщы я пщыж Инал. Адыгэ лъэпкъым абы нэхъ лlы цlэрыlуэ иlакъым. Ар фымыцlыхуу, и хъыбар фымыщlэу хъун? Хъункъым.

Нобэрей гъащlэм лlыхъужьыцlэ щызезыхьэу спортым щехъулlэхэми тхыгъэшхуэ яхуэдгъэхьэзыращи, фи плlэр иузэхуу, фи гур хигъахъуэу фыкъеджэну дыхуейщ.

ЩIалэ цIыкIухэ, лIыгъэ хъыбар фlуатэ, псалъэжь lущхэр вгъэшэрыуэ, фыкъызытехъукlа лlакъуэхэр зэвгъащlи мис абыхэмкlэ къыдэфхьэха пщащэхэм пщlэ яхуэфщl, ауан фыкъэзыщlынухэм ауи фемыплъ. Фыщыуэнукъым.

## Адыгэм ди Инал нэху



* Ди лъэпкъ тхыдэм пщышхуэ Инал иlа пщlэм хуэдиз зылъысауэ зы цlыху хэткъым.

* Лlыпlэ иувэри дунейм тетыхукlэ Инал зэлэжьари зэгупсысари зыщ: адыгэ лъэпкъыр зэкъуигъэувэжу, абы иlа къарур, щlыхьыр къиlэтыжынырщ. Ар пщышхуэм къехъулlащ: адыгэщlхэр зэгуигъэхьэри лъэпкъыр зэкъуигъэуващ, къэралыгъуи иухуащ!

* XV лlэщlыгъуэм и пэхэрщ Инал тепщэ щыхъуар. Ар къызытехъукlар адыгэ мамлюкхэрщ *(абыхэм ятеухуа тхыгъэ тетщ «Нур» № 5, 2019 гъэм).*

* XIV лlэщlыгъуэм и кlэухым Кавказ Ищхъэрэм Темыр Лъашэ *(Тамерлан)* къытеуэри хэщlыныгъэшхуэ къритат: цlыху куэд хэкlуэдат зауэм, къалэхэр зэтекъутат, лъэпкъ къуэпсхэри зэкъуэхуат, зэмызэгъыжу... Апхуэдэ щытыкlэр къагъэсэбэпыну яужь ит бийхэм *(джэнуезхэм)* Инал и дзэр япэщlэуващ.

* Адыгэщlыр зы къэралыгъуэ ищlа нэужь, пщышхуэм ди хэкум щытепщэ бийхэр *(тэтэрхэр)* ирихужьэжащ.

* Адыгэ хъыбарыжьхэм къызэрыхэщыжымкlэ, Инал Адыгэ Хэкум и хасэшхуэм щыхахащ пщым я пщыжу.

* Тэтэрхэр Адыгэ Хэкум ирихужа нэужь, Инал джэнуэзхэм зауэ ярищlылlэри абы я къалэ, быдапlэхэм я нэхъыбэр и унафэ щlигъэуващ.

* 1433, 1434 гъэхэм Инал Абхъазым дэlэпыкъуну хуейти, абы щытепщэ Мегрелием *(Грузием)* текlуэри абхъазыщlым ирихужащ.

* Инал пщышхуэр дунейм ехыжа нэужь, ар щыщlалъхьэжащ абхъазым и Псху щlыпlэм Инал-къубэ зыфlаща бгы метр 1200-рэ зи лъагагъым. Адыгэ псори абы екlуалlэу, а тхьэлъэlупlэр ягъэлъапlэ.

* Инал адыгэхэм яхуищlам апхуэдизкlэ къару къаритати, XIX лlэщlыгъуэм нэсыху, Кавказым Адыгэ Хэкум нэхъ щlышхуэрэ, нэхъ лъэщрэ щыlакъым.



# Инал и лIакъуэр

Инал и къуэхэу Тобылэрэ Беслъэнрэ къатехъукIащ къэбэрдеипщхэмрэ беслъэнеипщхэмрэ.

*(Къэбэрдеипщхэм я лIакъуэр адэкIэ къэфхутэрэ «Нурым» и пощтым къевгъэхьмэ, саугъэт пэкIуэнущ.)*




## «Къэбэрдейр» ди щIыпIэм щхьэ фIаща?

Инал Адыгэ къэралыгъуэр щиухуэм, Псыжь *(Кубань)* и къуэкIыпIэ адыгэщIхэр дзэпщ лIакъуэлIэш **Тамбий Къэбардэ** хуит къищIыжащ. Инал абы пщIэ зэрыхуищIыр игъэлъагъуэу а щIыпIэм **КъэбэрдейкIэ** еджэну унафэ ищIащ. Тамбий Къэбардэ Балъкъ Iуфэ деж щиухуэщ быдапIи, абы и тепщэу щытащ. Къэбардэ дапхуэдизу пщIэ имыIами, пIалъэ дэкIа иужь, Къэбэрдейм тепщэ щыхъуар Инал къытехъукIахэрщ. Тамбий Къэбардэ щыщIалъхьар Бахъсэн деж иIэ «Махуэгъэпс» Iуащхьэ щыгурщ.

*«Тамбий Къэбардэ адыгэм ямыгъэгъуэщэну аращ Iуащхьэ лъагэм щIыдахар. Ар Махуэгъэпс дамыхыу тафэм щыщIалъхьамэ, псы къиууэ ихьыжынкIэ хъунут. КъэбэрдейкIэ ущызэджэжкIэ, укъызытехъукIам и пщIэр бгъэлъэпIэн хуейщ».*

***Къардэнгъущ! Зэрамыку.***

*«Инал насыпым и тхьэпэлъытэу ябжырт адыгэм. Пщышхуэм и щIыхьыр апхуэдизкIэ инти, Адыгэ Хэкум, дэнэ дежи – бгыхэм, куейхэм, псыхэм – Инал и цIэр фIащащ».*

***СулътIан Хъанджэрий.***

«Пщы Инал адыгэм ялъагъуърт я адэм хуэдэу. Абы щихъ *(святой)* хужаIэу щытащ, иужькIи псалъэжь хъужащ: **«Тхьэм къыдитыж Инал и махуэр!»**.

*Зыгъэхьэзырар **АБРОКЪУЭ Беллэщ.***

*(ЩIэныгъэлI Къэгъэзэж Жырасльэн и тхыгъэ къэзгъэсэбэпащ).*

# 2020 гъэм спортым щехъулIахэр



*Спортым щехъулIэ ди щIалэхэм я зэфIэкIыр дуней псом щагъэлъагъуэ. Ди щIыналъэм, лъэпкъым, къызыхэкIам я цIэр фIыкIэ жыжьэ зэрыщагъэIур гуапэщ. Гъэ кIуам дуней псом щыщыIэ эпидемием и зэранкIэ зэхьэзэхуэ куэд ирамыгъэкIуэкIыу зэблэуащ, ауэ ди щхьэ лъагэу дэзыгъэIэт ехъулIэныгъэ куэд къытхуахьащ ди спорт лIыхъужьхэм.*

## Кикбоксинг

Мэзкуу дыгъэгъазэм и 3-6-хэм кикбоксингымкIэ Кубокым щIэбэнахэм къахэжанықIащ Аруан районым спортым дихьэх я ныбжьыщIэу 15. Урысейм и къалэ 15-м, щIыналъи 10-м щыщ кикбоксёр 850-рэ хэтат а зэхьэзэхуэм.

Япэ увыпIэм и Кубокыр къыхуагъэфэщащ **Аслъэн Тамерлан, Альборэ Iэмир, Ажы Антемыр, Фырэ Аслъэн, Зиядинов Ибрэхьим, СэвкIуий Сэхьид, Вэрокъуэ Iэмир.** Дыжьын медаль **къахьащ Темыркъан Астемыр, Къарэмырзэ Ибрэхьим, Зурхаев Нэзир.** Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ **Iусейн Ислъам, Мысрокъуэ Алан, Мавлюдов Рэмэзан, Молэ Ислъам, Кцоев Къантемыр.**

А щIалэхэр зыгъэсахэр **Саралидзе Айдинрэ Апажэ Рашидрэщ**. ГъэсакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэс къэс текIуэныгъэ къэхьэхуныр нэхъ гугъу мэхъу, Мэзкуу щызэхуэс кикбоксёрхэм я Iэзагъэм хэхъуэ зэпытщи. Ауэ ди щIалэхэм ехъулIэныгъэхэр я куэдщ, къызэримыкIуэтынур нэрылъагъущ, я зэхьэзэхуэр нэхъ гугъу хъуху, я текIуэныгъэри нэхъ лъапIэнущ. Дрогушхуэ!







## Регби

### Джатэгъэжь Анзор и текIуэныгъэ

Нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 9-19-хэм Сочэ къалэм щекIуэкIащ регби спорт лIэужьыгъуэмкIэ урысейпсо зэпеуэ. Абы хэтащ Урысейм нэхъ лъэрызехьэу къалъытэ гупибл.

Налшыки щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэ спортымкIэ Iуэхущ1апIэ иIэщ. Абы и «Налшык» еджапIэм зыщегъасэ **Джатэгъэжь Анзор.** Ар ди республикэм регби спорт лIэужьыгъуэмкIэ япэ «Чемпион» щыхъуащ, Красноярск и «Енисей-СТМ» гупым хэту зыкъигъэлъагъуэри. Зыгъэсар **Щауэ Алимщ**.



*Джатэгъэжь Анзор (яку дэтщ)*

## Тхэквондо

### Сасыкъ Исмэхьил и дыщэ медалыр

**Сасыкъ Исмэхьил** Казань къалэм тхэквондомкIэ щекIуэкIа ныбжьыщIэ 1300-м щIигъу зыхэта, «пояс щхъуэкIэплъыкIэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Исмэхьил килограмм 35-рэ хъухэм яхэтащ.





*Сасыкъ Исмэхьил*

## Ди пщащэхэри мыщабэ

ТхэквондомкIэ Сочэ щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэм цIыхуу 1100-м щIигъу хэтащ, илъэс 11-18 я ныбжьу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщащэхэм абы къыщахьэхуащ медалищ.

Килограмм 30 хъухэм я деж пэрыт щыхъуа **Багъэтыр Миленэ** дыщэ медалыр къихьэхуащ! Ар ирагъэблэгъащ мэлыжьыхьым и 20-26-хэм Прагэ щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм. Килограмм 40 зи хьэлъагъхэм ефIэкIащ жэз медалыр зыхуагъэфэща **Ходовэ Анжеликэ**. ЕтIуанэ жэз медалыр къытхуэзыхьар **Теммоевэ Айданэщ**. А ныбжьыщIэхэр зыгъэсахэр: **Кан Юрий, Бэлагъы Iэдииху, Ри Кенг Иль, Чоль Джун.**

## Iэпщэрыбанэ

### «Сабий гъэсакIуэ нэхъыфI»

Владикавказ щекIуэкIащ IэпщэрыбанэмкIэ «Сабий гъэсакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэр. Абы хэтащ 2003–2006 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэр. Ди республикэм а зэхьэзэхуэм къыхахащ дыщэ медалиплI, дыжьынуи апхуэдизрэ зы жэз медалрэ.





*Тхэквондо*

I увыпIэр: **Бакъей Тембулэт, Азэмэт Руслан, Къэжэр Ислъам, Фэнзий Темырбэч.** ЕтIуанэр: **Iэщын Алихъан, Хьэтанэ Ибрэхьим, Буздэ Чэрим, Жыласэ Рустам.** Жэз медаль: **Пекъу Абдуллыхь.**

## Якутск дыщэ медаль кърихащ Борсэ Алан

*Iэпщэрыбанэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщат Саха республикэм Iэпщэрыбанэмкlэ и Федерацэм и президенту щыта* ***Федотов Александр*** *и фэеплъу.*

Къэралым и щIыналъэ 22-м щыщу атлет ныбжьыщIэ 80-м щIигъу зыхэта зэпеуэм ди республикэм и цIэкIэ зыкъыщызыгъэлъэгъуа Борсэ Алан щытекIуащ, Къалмыкъым щыщ **Илзитинов Богдан** хигъащIэри.



*Борсэ Алан*

## Бахъсэн щыщ щIалэхэм дагъэгушхуэ

ЕссэнтIыгу фокIадэм и 19-20-хэм Iэпщэрыбанэмкlэ урысейпсо зэпеуэ щызэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Урысейм Iэпщэрыбанэмкlэ щIыхь зиIэ и тренер, СССР-м спортымкIэ и мастер **Ананненков Николай**. Абы спорт лIыхъужь щыхъуащ Бахъсэн щыщ ди ныбжьыщIэхэр.

Зэрыхъу хьэлъагъ елъытауэ республикэм и Iэпщэрыбанэ 12 пашэ щыхъуащ: **Къэжэрхэ Дамир, Iэмир, Iэдэм сымэ, Мэшыкъуэ Аслъэн, Бахъсэн Рустам, Бещто Идар, Теркъул Алан, Чалый Максим, Джэрыджэ Имран, Мэтай Азрэт, ТIэтIым Iэдэм, Натэ Елдар.**




*Каратэ*

## Каратэ

КиокушинкаймкIэ Мэзкуу щекIуэкIа IV дунейпсо зэпеуэу ныбжьыщIэ 300 зыхэтам ди щIалэгъуалэм медалищ къыщахьащ.

**Чыржын Луизэрэ Джантуев Аланрэ** – жэз медаль, абыхэм я гъэсакIуэ **Думэныщ Мурат** балигъхэм я зэпеуэм *(илъэс 35-рэ)* дыжьын медалыр къыщихьащ.

«Нурым» еджэ цIыкIухэми мы гъэм куэду къыфхэкIыну дыхуейщ зи тхыгъэ теддзэну лIыхъужьхэр, пэрытхэр, ехъулIэхэр.

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***

## Дэ къытхуатх

«ЩIалэ цIыкIу псоми фи
МахуэшхуэмкIэ сывохъуэхъу!
Хьэмырзэхэ Батыррэ Уэсмэнрэ
яхуэзуса «Уэс усэхэр» фигу
ирихьыну пIэрэ?»...



## ЩIымахуэ

Къосыр, къосыр уэсыр.
Нэм къиплъыхьыр – хужьщ,
Си Iэгу цIыкIум уэсыр
Хуэмурэ щоткIуж.

Си хьэ Мыщэ гуфIэу,
ЩIэпхъуэурэ къежыхь,
А уэс щабэм фIэфIу
Си хьэм зыхекухь.

СфIэфIщи хьэуа къабзэр,
IэжьэкIэ уэс сотхъу.
ПщIантIэр догъэкъабзэ,
Дадэ уэс дызотхъу.

***

Уэсхэр хуабэу, хужьу
Тезу телъщ къудамэм,
КъуэмыпIыщIыкI хуэдэщ
Бзухэри я дамэм.

Ауэ щхъуантIэ цIыкIуу
Псейхэр щытщ, мыпIыщIэ,
ПфIощIыр я гур дыгъэу,–
Псыпсу зэщIопщIыпщIэ.

### Хьэмырзэ Мадинэ

## Зэш щIыкIуиті

ПIащIэу пшыхьыр зэхэуащ,
Мис, къэсащ щIымахуэр.
Махуэр кIэщIу, псынщIэу кIуащ,
Жэщри хужь Iумахуэщ!

Зэныбжьэгъухэр дыджэгуащ
УэскIэ, дызэгъусэу.
Зэныбжьэгъухэр дызэуащ
УэскIэ, ди гум щызу.

Дэ дыгуфIэу дыпежьащ
Дадэ къыщыкIуэжым.
Дытхъэу дызэхуэсыжащ
Ди пщэфIапIэ пэшым.

...Аурэ пшыхьыр ежэкIащ
Гъуэлъыжыгъуэм хуэжэу,
Уэсмэн кIийри, жейр – Iущтащ
Ди нэм къемыкIуэжу.

Батыр сэрэ п1э тхуищIащ
Мамэу еш зымыщIэм,
Жей щыгъыни къыдитащ
Зи IэпIохуэр дыщэм.

Жей уэрэдыр къыхидзащ.
Къешэ- къешэ пщIыхьыр!
Ар ди напIэм лъэIэсащ,
IэфIу а пщIыхь пщIыпщIыр.

## ЩIымахуэ жэщ

Уафэм фIыцIэу зихуэпащ,
Мазэр лыду къыхэпсащ,
Вагъуэ цIыкIухэр пщIыхь хэт хуэдэу,
Хэпэзазэу къэцIууащ.

Пшэхэр хуэдэщ шхыIэн хуабэу
Вагъуэ цIыкIухэм трапIам,
Зэм къыкъуэплъу, зэм щIихъумэу,
Химылъафэу щхьэукъуам.

НэхулъэфI псори дыкъекIыну,
Жэщыр IэфIу екIуэкIыну!
ИлъэсыщIэри щIэращIэу
ЦIыхуу хъуам къытхущIэкIыну!

АБРОКЪУЭ Беллэ

# ГУХЭХЪУЭ

Іэубэчыр и пащхьэм илъ тхылъымпІэ къомым хоплъэ, и нэр еІуэтри щхьэгъубжэм доплъ.

Абы и тхьэкІумэм итщ пщэфІапІэм Іэуэлъауэу щІэт и анэм зэпымыуэ жиІэ тхьэусыхафэр: «Тхьэ, схуэмыгъасэурэ си къарур сыухам мы Іэубэчыр. Е еджэну игу имылъ, е унагъуэкІэ сэбэп мыхъуну. Телефоныжьыр и нэкІум Іулъу гъэджэгу, ар иужэгъумэ – гъэзэран, гъэзауэ. Аращ къызыхуигъэщІар...» Іэубэчыр погуфІыкІ: «Иджыпстуи аращ и гугъэр ди анэм, ауэ, уэлихьи, сымызэрана икІи сымыджэгуа. Абы дэнэ щищІэн сэ мы тхьэмахуитІым лэжьыгъэу злэжьар! О-о-о-оу! Ар нэгъуэщІым къызжиІамэ, си фІэщ мыхъунт. Ауэ нэгъуэщІ сыхъуащ сэ, Іэгъу, мы тхьэмахуитІым. Япэрей Іэубэчырыр щыІэжкъым – тю-тююю!..» Ахэм егупсысу щхьэгъубжэм доплъ.

ЩІымахуэ жьычым щІигъэнащ нэм къиплъыхьыр: псори хужьщ, щабэщ, къабзэщ, мэпщІыпщІ. УщІэкІмэ – хьэуари зэхощІыщІэ, абджым хуэдэу къачэ уфІощІ, апхуэдизкІэ щІыІэщи. Иджыпсту къытеж щымыІэу Іэубэчыр ІэжьэкІэ къежэхынт, е и зэранщІэгъу Темыр уэсым хишыхьынт, е Іупэ баринэу зызыгъэтІей и классэгъу хъыджэбз цІыкІухэм ІэшкІэ яриутІыпщыр я пщэм дэлъалъэу школ пщІантІэм щигъэхъэнт, Іэсобинну-Маринэ. У-у-ух! Ауэ... ауэ тхьэмахуитІ и пэ кърата унэ лэжьыгъэ гугъур пщэдей ихьынущи, и пащхьэм илъ къомыр зэхуехьэсыж, егъэгупсысэ, и щхьэм щІотІахъуэ. Унэ лэжьыгъэ щхьэкІи Іэубэчыр къуит щыІакъым – «2»-ужьри зэкІэщІэпІиеу и тхылъылъэм къыдоплъ куэдрэ, ауэ мы лэжьыгъэр екІурэ-ещхьу имыщІыжу хъунукъым. Адыгэбзэ егъэджакІуэм и псалъэхэр Іэубэчыр гъуагъуэу къыщхьэщытщ:

«Адыгэ щІалэ цІыкІум и дежкІэ напэтехщ къызытехъукІа и адэшхуэ, абы и адэм я цІэхэр къриІуэу лІакъуиблкІэ дэмыбжеифыныр. Адыгэ фащэкІэ ухуэпами, хабзэ пхэлъми, дахэу укъафэми, адыгэбзэкІэ гъэхуауэ ухъуахъуэми, а псор зыми щымыщу кІуэдыжынущ зэзакъуэ зыгуэрым «Къызыхэкlар зымыщІэж», – зыхужебгъэІэмэ. Ар пудыныгъэшхуэщ. Фи щхьэ пщІэ хуэфщІыжмэ, мы мазэм и иужьрей урокым ирихьэлІэу фи лъэпкъ жыгхэр сурэту щІауэ къэфхь».

Іэубэчыр еши-псэхуи имыІа, я унэкъуэщ нэхъыжьхэм интервью къаІихыу, библиотекэм жэуэ, архивым щыщІэупщІэу, журналистхэм я нэтын-

хэр кърикгъэтIэщIыжу дэтам! Псоми гугъу зыкъыдрагъэхьт, къехъуэхъут. Иджы и щхьэ пщIэ хуещIыж! Сытым хуэдэу цIыхушхуэ куэд къыхэкIа абы и лъэпкъым. Дапхуэдиз цIэрыIуэ хъуа! Iэубэчыри нэхъыкIэ хъуну хуейкъым иджы. Ар зэранщIакIуэ-щхьэхынэу къэхъумэ, мо цIэрыIуэхэри игъэпудынкъэ, къэхъуну щIэблэми я ауану къэнэнкъэ? Хьэуэ!

Iэубэчыр къэтэджщ, гъуджэм бгъэдыхьэри зэплъыжащ. «Пщэдей галстук здэлъу сыкIуэнущ! Ес-ессс!» – и IэпхъуамбэжьакIэр гъуджэм хуигъэтIейри гуфIащ.

Иджыпсту хуэдэу зэи и щхьэ пщIэ хуищIыжауэ ищIэжкъым абы. И гум гухэхъуэр изу стIолым тIысыжри и лэжьыгъэм пищэжащ.



# Уэркъымрэ самураймрэ

Японым я самурайри адыгэ зауэлIри дуней псом къыщацIыху. Ар къызыхэкIыр лъэпкъитIми зауэлI хабзэ ткIий зэраIэрщ, «Кодекс чести» хужаIэу. Японым я зауэлI хабзэм – **бусидокIэ** йоджэ, дыдейр – **уэркъ хабзэрщ**. А тIур куэдкIэ зэтохуэ. Абы япэу гу лъызытар щIэныгъэлI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэчщ**. Ди уэркъ хабзэмрэ бусидомрэ зэрызэщхьым теухуа доклад японхэм я деж щищIу япэу абы тепсэлъыхьар физикэмкIэ егъэджакIуэ, щIэныгъэлI **ХъуэкIуэн Муратщ** *(2001 гъэм и накъыгъэ мазэм).*

Японым ди хабзэ зэхэтыкIэр къацIыхуащ, езым яйм зэрытехуэр ягъэщIэгъуащ, пщIэ нэхъ къытхуащIи хъуащ!

## Япон самурайхэр хэт?

Япон самурай зауэлIым гущIэгъушхуэ хэлъщ икIи гущIэгъуншэщ. ГущIэгъу щыхэлъыр мамыр гъащIэрщи, абы пщIэ къыхуащI. ГущIэгъуншэ щыхъур зауэ губгъуэрщи, абы псори къыщышынэу – бий псэIухщ!

## Сыт бусидор зищIысыр?

*Ар къытхуеIуатэ Дайдодзи Юдзан Сигэсукэ и тхыгъэм. Уэркъыгъэм ехьэлIа ди псалъэжьхэр япон самурайхэм я хабзэ пкъыгъуэхэм ябгъукIэ тпхащи гу лъыфтэ.*






| Бусидо хабзэхэр | Адыгэ псалъэжьхэр |
| --- | --- |
| 1 Узыхуейр умыlуатэ щlыкlэ зэупщlыж: «Мы сэ жысlэнур пэжу пlэрэ?» Умыгупсысауэ умыпсалъэ; | «Гупсыси псалъэ – зыплъыхьи тlыс» |
| 2 Щlыхум уахуэпэжыныр, захуагъэм утетыныр, лlыгъэ пхэлъыныр – а щыр самурай хабзэм и тегъэщlапlэщ; | «Лlыгъэр lыхьэ мыгуэщ»; «Уэркъым и пщlэр и напщlэщ, псэр зыщlитыр и напэщ» |
| 3 *Къызэмылын уlэгъэ самурайм къытехуамэ, абы и псэр хэмыкl щlыкlэ, сёзереным (зи къулыкъу нэхъ лъагэм) пщlэ зэрыхуищlыр игъэлъагъуэу епсэлъэжыну и къалэнщ;* | |
| 4 Къаруушхуэ зыхэлъ зауэлlыракъым самурайкlэ зэджэр. Самурайм щlэныгъэхэр иджу, усыгъэм хищlыкlыу, шей гъэвэкlэр къехъулlэу щытын хуейщ; | «Къарукlэ лlыгъэ къахьыркъым» |
| 5 Самурайм и лlыгъэр нэхъ лъапlэщ и псэм нэхърэ, ар фlэкlуэд хъунукъым; | «Напэм и пэ псэр ихуэ» |
| 6 Самурайр зыхуэпсэур, и къалэн нэхъыщхьэр, зыгъэпудынкlэ хъунур фlыуэ къыгурыlуэжу щытын хуейщ; | «Е улlэн- е улlын!» |
| 7 «Узыгъэжэкъуэн *(ущызыгъэуэн)* жумылэ, умылэжь, куэд пшхыуэ, емыкlу къыумыхь» – жеlэ зауэлl хабзэм; | «Уи псалъэ гъэlэси уи нэмыс гъэбыдэ» |
| 8 «Лъэдиймрэ къуэпсымрэ» я хабзэр зэрыхэлъымкlэ самурайм пщlэ иlэщ; адэ-анэр лъэдийщ, быныр къуэпсщ; | «Зи нэхъыжь зылъытэ и lуэху мэкlуатэ»; «Нэмыс пщlымэ, зыхуэпщlыжыр уи щхьэщ» |
| 9 *Зэрыкъуэфlым и мызакъуэу, и Зиусхьэнхэм (сёзеренхэм) хуэпэжын, ихъумэн хуейщ, и псэр пытыху.* | |
| 10 Зауапlэм самурайм и пэжыгъэр къыщонаlуэ: бий шабзэми джатэми щымышынэ; | «Лlыгъэ щlапlэ лlы икlуадэркъым» |
| 11 *Самурайр пlэм хэлъу и Зиусхьэным тепсэлъыхьlауэ зэхихмэ, къэтэджу зихуэпэн хуейщ;* | |
| 12 Къаргъэм *(соколым)* гуэдз иракlутар ищыпкъым, шхын щхьэкlэ лlэми. Самураймизэи мэжаллэу зигъэлъагъуэ хъунукъым; | «Ныбэхуэфlыр емыкlухьщ» |
| 13 Зауэм щыхагъэщlа самурайм и псэр хэмыкl щlыкlэ и щхьэр lэтауэ, пыгуфlыкlыу, лlэныгъэр къызэрыфlэмыlуэхур игъэлъагъуэу и цlэр ину жеlэр. | «Лlэным лlыгъэ хэлъщ»; «Цlыхум и цlэр езым зыфlещыж» |

*Самурайхэмрэ уэркъхэмрэ я дуней зыхэщlэкlэр зэдгъэпщэжмэ, зэтемыхуэ lыхьэхэми гу лъыдотэ (абы яхуэкlуэ псалъэж зэрыдмыгъуэтамкlи) ахэр плъыфэкlэ къыхэгъэщащ. Бусидом егъэлъапlэ Зауэлlыр, адыгэ хабзэм – Цlыхур (и къулыкъу емылъытауэ). Дыщыуэу пlэрэ? Фэ дауэ феплърэ? Къытхуэфтх.*

Зыгъэхьэзырар **ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ**

## КЪЭРАЛХЭР ЗЫДОГЪЭЦІЫХУ

- **Куржы – Грузия**
- **Урым – Италия**
- **Алыдж – Греция**
- **Франджы – Франция**
- **Тырку – Турция**
- **Исбухьэн – Испания**
- **Чын – Китай**
- **Щам – Сирия**
- **Хьэрып – Аравия**
- **Хьэбашэ – Эфиопия**
- **Инджылыз – Англия**
- **Нэмыцэ – Германия**
- **Джэзыл – Алжир**
- **Мэжэр – Венгрия**
- **Ермэлы – Армения**
- **Кърым – Крымское Ханство**
- **Мысыр – Египет**
- **Лэхь жылэ – Польша**
- **Урысей – Россия**
- **Къэжэр – Иран, Персия, Фарси**
- **Урымей – Византия**









Зыгъэхьэзырар ***УЭЛДЖЭР Аринэщ***

ЦӀыкӀураш

## 1. Набдзэгубдзаплъэхэм я лэжьыгъэ

1. Псэущхьэ дапщэ сурэтым ит?

2. ТхьэкӀумэкӀыхь дапщэ сурэтым ит?




3. Мы Ӏыхьэхэр сурэтым къыщывгъуэт.

4. Уашхэр зыбгъэдэтыр къафщӀэ.

## 2. Сурэтым ит псэущхьэхэм, къуалэбзухэм зэреджэр венгр псалъэзэблэдзым къыщывгъуэт.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ХЬ | Т | ЖЬ | Ы | ЖЬ | Ы | ДЗ | ? |
| Э | Ы | ГЪУ | Н | Э | ГЪУ | Э | Э |
| КIУ | Д | У | Д | КI | Ы | Щ | КХЪУ |
| М | Э | КI | Ы | Э | М | Н | ТI |
| ЖЬ | Ы | ЦI | ХЬ | П | ХЪ | И | Ы |
| Д | А | Ш | Х | Э | Б | В | Г |
| А | У | М | Э | Ж | ЖЬ | О | Н |
| Д | Э | Э | Л | А | Б | П | И |

## 3. Къуажэхьхэм я жэуапхэр сурэтым къыщывгъуэт.

Къэмытlэпl ар, къэмыгъагъэ,
Пхъэгъэсынуи ямыгъэс.
Щхъуэкlэплъыкlэу къытхуоблагъэ,
Дегъэгуфlэ илъэс къэс.

ЦIу-цIу нэ къиж, гъуэмбым къижырей.

Ди бжэгъу щхьэкlэ джэдыкlэ хужь цlыкlу пысщ.

Мафlэм имыс, псым имытхьэлэ.

Кlащхъуэ бацэ къыдохьэ,
Зэракъутэ кlэлъадз,
Зэрыдзам яфlолъэ,
Лъагъуэр яфlеубыдри
Быдапlэм мэкlуэж.

Вакъэ лъапэ кlыхь, мэз щlыхьэрей.

Зи тхьэкlумэр дзасэ,
Зи пэр сыринэ,
Зи нэр вагъуэ,
Зи гъуэр махэ,
Жыг лъэдиигъу,
Гурыгъу хэмыкl,
Зи кlэр залэ,
Зи лыр мае,
Фlалъагуэ кlэбдзауэ
Къеуэр зыхуэмыгъуэ,
Губгъуэр зи унэ.






Зыгъэхьэзырар
*БЕКЪАН Мэсирэтщ*





*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года
**№ 2 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 03.02. 2021 г.
Выход в свет 24.02. 2021
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC,
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7
Тираж 1244 экз.
Заказ № 307
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.